Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІащ Урысей Федерацэм и Президентыр

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№34 (21.692) ● 2010 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 2, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дерс къызыхэхыпхъэ Олимпиадэ

XXI щымахуэ Олимп Джэгухэм я епщыкІуп-Іанэ махуэм куэд дыдэрэ дызыпэлъа медалхэр - дыжьынрэ жэрэ - Урысей Федерацэм кьыхуихащ.

БИАТЛОНЫМКІЭ цыхухьухэм я эстафетэм (4х7,5 км) **Норвегием** и **командэ кьыхэхам** кьыщыпэлъэщын кьахэкІакьым. Абыхэм яужь иту къэсащ Австрием и биатлонистхэр. Ильэсилл и пэкІэ Турин щызыэрагъэхьа ехъулІэныгъэм, дыжьын медалым, пэгъунэгъу дыдэу щытащ **Черезов Иван, Шипулин Антон, Чудов Максим, Устюгов Евгений** сымэ я гупыр, арщхьэкІэ ди лъахэгъуэхэм сантиметр зыбжанэкІэ кьефІэкІащ етІуанэ хьуа Австриер.

А зэхьэзэхуэ махуэм ди къэралым дыжьын медаль кьыхуихьащ **Илюхинэ Екатеринэ.** СноубордымкІэ цыхубзхэм я зэхьэзэхуэм Илюхинэм кьефІэкІащ Голландием и лыкІуэ **Сауэрбей Николин**. Жэз медалыр кьыІытысащ Австрием щыщ Крайнер Марион.

КерлингымкІэ зэпеуэм ещанэ увыпІэм щхьэкІэ екІуэкІа зэІущІэм Китаймрэ и командэр бжыгъэшхуэкІэ щытекІуащ Швейцариемрэ. Зэхьэзэхуэм и финалыр нэхъ гъэщІэгъуэн хъуащ. Дыщэ медалым щІэбэнащ Швециемрэ Канадэмрэ. ЗэІущІэм и кІэух Іыхьэ хъуху апэ ита хэгъэрейхэм иужьрей дакьикъэм къефІэкІыжащ **Швециер.**

Бгы дыжьэхмкІэ цыхубзхэм я зэхьэзэхуэм иджырей Олимп Джэгухэм я етІуанэ дыщэ медалыр кьыщихьащ Германиемрэ щыщ **Рчш Марие** абы зымащІэкІэ кьыхэкІыхьащ Австрием и лыкІуэ Шильд Марлиз. Жэз медалыр кьыІытысащ Турин Олимп чемпион щыхъуа чех спортсмен Загробскэ Шарлэ. Урысей Федерацэм и спортсменхэм ящыщу нэхъыфІу зыкьэзыгъэлъэгъуар 28-нэ хьуа Простеввэ Еленэщ.

Цыхухьухэм я шорт-трекым Канадэм кьыкІэлъыкІуэ дыщэ медалыр кьыхуихьащ **Хэмлин Чарльз**. ЕтІуанэ хьуащ Кореем икІа Сун Си Бак. Жэз медалри Канадэм зыІэщІигъэкІакьым. Ар кьыхьащ Трамбле Франсуа Луи.

Метр 5000-р кьызэнэкІымкІэ цыхухьухэм я зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щаубыдащ **хэгъэрейхэм.** Абыхэм кьакІэлъокІуэ Кореемрэ США-мрэ я гупхэр.

Цыхубзхэр метр 1000-м кьыщыІэздэжам япэу кьэсащ Китай спортсмен **Ван Мэн**. Дыжьын медалыр кьыхьащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я щыхьыр зыхьума Рейтер Кэтрин. Кореем и лыкІуэ Пак Сеун Хи ещанэщ.

А махуэм зэхэтащ хоккейкмкІэ финалыр ныкьуэ зэІущІэхэри. Япэу екІуэкІам США-м бжыгъэшхуэкІэ щыхигъэщащ Финляндиер. КьыкІэлъыкІуэу финалым кІуащ Словакиер ерагъыу текІуа Канадэр. Зэп кьэмыхьуэу кІэух зэхьэзэхуэм хэтакьым Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхар.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Медведев Дмитрий Налшык щигъэбелджылащ Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыным пыщІа къалэнхэр



Щбзт кІуам Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІащ.

Абы щІыгъуащ УФ-м и Правительствэм и вице-премьер, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щІыналъэм щыІэ **Хлопонин Александр,** Урысей Федерацэм Шынагъэ ныщагъэмкІэ и федеральнэ кІуалыкІуэщІапІэм и унафэщІ **Бортников Александр** сымэ. Абыхэм Налшык аэропортым щаІущІащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен,** КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар,** КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Меркулов Александр.**

ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ аэропортым икІри Налшык къалэм и курыт еджапІэ №32-м кІуащ. Медведев Дмитрий спорт залыр, шхапІэр, информатикэмкІэ пэшыр кьиплъыхьащ, егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ епсэльащ. Абы игу иригъэкІуэжащ компьютер классыр кьызэрызэгъэпэща иджырей Іэмэпсымэхэр, школым и шхапІэр.

Правительствэм и Унэм Медведев Дмитрий щригъэкІуэжащ Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыным екъэлІа къалэнхэм щытепсэльыхьа зэІущІэ. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьызэхуэсахэр республикэм щыщыІэ щытыкІэм щыгъуазэ ищІащ. Абы кьыхигъэщхьэхуэкІащ зэрыщыту иужьрей илъэсхэми, финанс Іуэхуэхэр щыгугъуа 2009 гъэми республикэм зиужь зэпыту зэрекІуэкІар. Валовэ щІыналъэ продуктыр сом мелард 64-рэ и уасэм щІигъуащ, бюджетыр дотацэхэм зэрелъытари кьагъэтІасхьэ, икІи ар дызэрыт илъэсым процент 45-м фІамыгъэкІыну я мурадщ. Нэгъабэ и закъуэ предприяти 10 кьызэІуахащ. Абыхэм ящыщщ абдж кьыщІэзыгъэкІ, фэм щелэжь заводхэр, щыгъын зэІущахэр щащІ «Борэн Текстиль» фабрикэр, «Агро-Ком» теплицэ комплексыр. А проектхэр ягъэзэщІащ КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьныгъэмкІэ и агентствэр хэту икІи уней мылькумрэ зэщІыгъуу кьагъэсэбэнурэ. ІэнатІэщІэу мини 4,5-м нэблагъэ кьызэрагъэпэщащ. ЛэжьапІэншэхэм я бжыгъэр мин 26-м щегъэжьауэ мин 20-м нэсу ягъэмэщІащ.

ПсэупІэхэр ухуэным и гугъу щищІым, Къанокъуэ Арсен жиІащ псори зэхэту метр зэбгъуэнатІэ мин 260-м нэблагъэ къызэрыкІ унэхэр хьэзыр зэрыхьуар, абыхэм я нэхъыбэр унагъуэхэм езыхэм зэращІар. «Кавказым исхэм я хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ дэтхэнэ унагъуэми езым и унэ ищІыну зэрыхущІэкьур. Ди республикэр инкьым, центрым укъэсын папщІэ гъуэгуанэщхуэ дэлъкьыми, кьуажэдэсхэр къалэм къэмыІэпхьуэу езыхэр щыпсэу жылагъуэхэм унэ дащІыхьмэ нэхъ кьащтэ», - кьыхигъэщащ Къанокъуэ Арсен.

Медведев Дмитрий апхуэдэ хабзэр тэмэму кьызэрилъытэр, Кавказым исхэр сытым дежи ухуэныгъэм зэрыхэзагъэр кьыхигъащащ: «ИджыпстУ ухуэныгъэм ирахьэлІэ материалыщІэ куэд къежьащ. Абы кьыхэкІыу къуажэм унэ щызыщІыну хущІэкъухэр сыт и лъэныкъуэкІи дэІыгъыпхъэщ».

УФ-м и Президентым апхуэдэу жиІащ агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным икьукІэ мыхьэнэщхэу зэриІэр, кризисым и лъэхъэнэми а ІэнатІэм лэжьыгъэфІ зэрыщкІуэкІар: «Мэкъумэш хозяйствэм и закъуэщ нэгъабэ зыужьынныгъэ зиІар». Къэралым и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэкІащ кьуажэ щІыналъэхэмрэ агробизнесымрэ зегъэужьыныр кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр. Президентым апхуэдэу жиІащ лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр гъэмэщІэныр, курыт еджапІэхэм, курыт специальнэ еджапІэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм защІэгъэкъуэныр щІыналъэхэм щыІэ властхэм я кьалэн пэрыту зэрыщытыр. Абы и лъэныкъуэкІэ кьапщтэмэ, егъэджакІуэхэм я лэжьапщІэр ягъэмэщІэн щыгъэтауэ, ар ирамыту щагъэгувэ кьэбгъэхьункІэ Іэмал иІэкьым.

Медведев Дмитрий диІыгъащ ди щІыналъэм университет центр лъэщ кьыщызэгъэпэщыным теухуауэ кьаІэт жэрдэмхэр. «Университет центр лъэщ кьызэгъэпэщыпхьэщ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІащ. ЛэжьапІэншэхэм я бжыгъэр мин 26-м щегъэжьауэ мин 20-м нэсу ягъэмэщІащ.

ПсэупІэхэр ухуэным и гугъу щищІым, Къанокъуэ Арсен жиІащ псори зэхэту метр зэбгъуэнатІэ мин 260-м нэблагъэ къызэрыкІ унэхэр хьэзыр зэрыхьуар, абыхэм я нэхъыбэр унагъуэхэм езыхэм зэращІар. «Кавказым исхэм я хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ дэтхэнэ унагъуэми езым и унэ ищІыну зэрыхущІэкьур. Ди республикэр инкьым, центрым укъэсын папщІэ гъуэгуанэщхуэ дэлъкьыми, кьуажэдэсхэр къалэм къэмыІэпхьуэу езыхэр щыпсэу жылагъуэхэм унэ дащІыхьмэ нэхъ кьащтэ», - кьыхигъэщащ Къанокъуэ Арсен.

УФ-м и Президентым апхуэдэу жиІащ агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным икьукІэ мыхьэнэщхэу зэриІэр, кризисым и лъэхъэнэми а ІэнатІэм лэжьыгъэфІ зэрыщкІуэкІар: «Мэкъумэш хозяйствэм и закъуэщ нэгъабэ зыужьныгъэ зиІар». Къэралым и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэкІащ кьуажэ щІыналъэхэмрэ агробизнесымрэ зегъэужьыныр къалэн нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр. Президентым апхуэдэу жиІащ лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр гъэмэщІэныр, курыт еджапІэхэм, курыт специальнэ еджапІэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм защІэгъэкъуэныр щІыналъэхэм щыІэ властхэм я кьалэн пэрыту зэрыщытыр. Абы и лъэныкъуэкІэ кьапщтэмэ, егъэджакІуэхэм я лэжьапщІэр ягъэмэщІэн щыгъэтауэ, ар ирамыту щагъэгувэ кьэбгъэхьункІэ Іэмал иІэкьым.

Медведев Дмитрий диІыгъащ ди щІыналъэм университет центр лъэщ кьыщызэгъэпэщыным теухуауэ кьаІэт жэрдэмхэр. «Университет центр лъэщ кьызэгъэпэщыпхьэщ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Федеральнэ округым кьыщызэІупх хьуну кьалыгъэмэ, сэ ар ядэсІыгъыну сыхьэзырщ. Ауэ апхуэдэ центрыр ипэжыпІэкІэ тэмэму лажьэу щытын хуейщ», - жиІащ кьэралым и унафэщІым. Абы кьыхигъэщащ центрыр кьызэІухьаным пыщІауэ егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ зыхуеину Іэмалхэр кьызэгъэпэщыным зэрегупсысыпхъэр.

Хлопонин Александр кІэщІу тепсэльыхьа Кавказ Ищхъэрэр зыхэт гугъуехьхэр кьызэнэкІынымкІэ гулъытэ хэха зыхуэщІыпхьэ унэтІыныгъэхэм. Абыхэм ящыщщ дзжьапІэншэхэм я бжыгъэр гъэмэщІэным хуэунэтІауэ федеральнэ центрым республикэхэм кьахуиутІыпщ ахьшэр тэмэму кьэгъэсэбэпыныр, энергетикэмкІэ, турист-рекреацэ комплексымкІэ, агропромышленнэ комплексымкІэ, инноваци-егъэджэныгъэ Іуэхумкіэ кластерхэр зэтегъэувэныр, зэпымыуэ нэхъ ин зэрыхьум кьыхэкІыу зи инфраструктурэр кьыкІэрыхь кьалэхэм зэрызаужьыну программэхэр зэхэлъхьэныр. Хлопонин Александр апхуэдэу жиІащ Кавказ Ищхъэрэм и экономикэ щІыналъэ хэхахэм я Іуэхукіэ законым и проектыр мыгувэу УФ-м и Правительствэм и пащхьэ зэрыралъхьэныр.

ЗэІущІэм и хьэщІэ хьэщІэ лъапІэхэм кьызэІуахащ УФ-м Шынагъэ ныщагъэмкІэ и федеральнэ кІуалыкІуэщІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унэщІэр.

ХЬЭПІЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

УнэщІэр къыщызэІуахым

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьеблэгъа Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий... абы щІыгъу хьэщІэ лъапІэхэр УФ-м и ФСБ-м и унафэщІ Бортников Александррэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ ІентІ плъыжьыр зэпаупщІри, гуфІэгъуэ зэхьхьэм кърихьэлІахэм щІыхьэпІэмкІэ яунэтІащ.

ЗИ КЬАЛЭН зыгъэзащІэу хэкІуэда УФСБ-м и лэжьакІуэхэм я фэеплъым и деж Урысейм и Президентымрэ хьэщІэхэмрэ удз гъэгъахэр ягъэтІылъри, унэ кІуэцІыр кьызэхапІыхьащ. Сыт и лъэныкъуэкІи кьызэгъэпэща лэжьыгъэм хуэщІа пэшхэм кьадэкІуэу зыгъэпсэхуГъуэ зэманым хуэхэахэри абы щыІэщ. Медведевым гунэс щыхъуащ фонтан зыхэт щымахуэ жыг хадэр, псом хуэмыдэу игу иригъэкІащ спорт пэшыр.

Адэкіэ хьэщІэхэр ирагъэблагъащ иджырей зэрыкІэлъыплъ, нэгъуэщІу зыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэгъэпэща актовэ пэшышхуэм. Абы Урысей Федерацэм и Президентым республикэм, кьаруэхьэ, хабзэхьэмэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэм эзІущІэ кІэщІ щадригъэкІуэкІащ.

- Кавказыр иджыри щытыкІэр щыгугъу щІыналъэу кьонэж. Нэхъыщхьэу а гугъуехьхэр кьызыхэкІри наІуэщ. Ахэр Кавказ Ищхъэрэм щызекІуэ радикализмэрщ, экстремизмэрщ, щэхурылажьэ бандэ-гупхэрщ. Абы хуэнэтІа бэнныгъэ едгъэкІуэкІми, ахэр иджыри щыІэщ икІи кьаруэ псори хуэзщІэгъэзІуауэ гъэкІуэдын хуейщ. Ар япэрщ. КьыкІэлъыкІуэу гугъуехь куэд зыпыщІар коррупцэрщ. Кавказым и адрей республикэхэм хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми ар щыІэщ икІи си фІэщ мэхъу лъахэм, ФСБ-м, МВД-м, прокуратурэм я унафэщІхэр, судри ящыгъуу, абы ерыщу зэрыпэщІэтынур. Іулъхьэ тынкъеІыхьным Кавказым лъабжьэ щиІэщ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, абы уеблэнныр кьызэргуэкІкьым. Абы хуэхэа бгъэдыхьэкІэ зэтеуБла щыІэн хуейщ, хабзэхьэмэ органхэр я щІэгъэкъуэну, боджёт мылькур тезыгуашэ властым и Іэнатіэхэм абы ехьэлІа хабзэр кьызэпамыудыныр кьызэгъэпэщын, абы ебакъуэм хуэфащэ тезыр ткІий тельхьэн хуейщ. Гугъуехьхэр кьызэнэкІа щыхъунур, абы и хэкІыпІэр нэсу икІи зэгъэуІуауэ кьэдгъэсэбэпмэщ. Лэжьэну хуэмейр зыхэдгъэкІынущ, - жиІащ Медведев Дмитрий.

Гугъуехьхэм я хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьэрал унафэщІым кьигъэльэгъуащ социально-экономикэ щытыкІэр егъэфІэкІуэныр. Абы и лъэныкъуэкІэ Іуэхугъуэ пыуыкІаХэри кьыхалъхьащ.

- Зи гугъу тщІа Іуэхугъуэхэр вице-премьер, УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щІыналъэм щыІэ Хлопонин Александр и нэІэм щІэту екІуэкІынущ. Ар щІэх-щІэхьыурэ республикэм кьыфхуеблэгъэнущ, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуфащэ тезыр ткІий тельхьэн хуейщ. Гугъуехьхэр кьызэнэкІа щыхъунур, абы и хэкІыпІэр нэсу икІи зэгъэуІуауэ кьэдгъэсэбэпмэщ. Лэжьэну хуэмейр зыхэдгъэкІынущ, - жиІащ Медведев Дмитрий.

Адэкіэ, прессэр хэмыту, псальэмакъым зэхуэщІауэ пащащ.

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и унэщІэ Налшык кьыщызэІуахар федеральнэ мылькукІэ яухущ. Ар зыхуей псомкІи кьызэгъэпэщыным сом мелуани 140-м щІигъу текІуэдащ. КъБР-м щыІэ УФСБ-м и пресс-Іуэхущ Іапі эм щыгъуазэ дызэрищ Іамкіэ, я лэжьакІуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыным мыбы гулъытэ хаха щыхуащІ. Кьапщтэмэ, 2009 гъэм Налшык фэтэр куэду зэхэт псэупІэ унэу щыухуэн щыщІадзащ икІи 2011 гъэм и япэ мазищым ирихьэлІэу ахэр ятыну мэгугъэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

●Гу зылъытапхъэ

Гуфіэгъуэ зэхьхьэм фрагъэблагъэ

Урысей Федерацэм и цыхубэ, КъБР-м щыхь зиІэ и артистк, Гъуаздэжэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и профессор Гъэсанэ Наталье и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъум иращІэкІ гуфІэгъуэ зэхьхьэм фрагъэблагъэ адыгэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэм и творчествэм дихьэх псорн.

Пшыхьыр гъатхэпэм и 4-м СКГИИ-м и зэІущІапІэ пэшышхуэм щекІуэкІынущ, сыхьэт 16-м щиндзэу.

•КЪБР-м и Унафэщ1ым и Интернет-хэщ1апІэм

«Апхуэдэ Президент дызэри1эм срогушхуэ»

Мазаем и 20-м къыщыщ1эдзауэ и 24 пщ1ондэ къэралым и щ1ыпІэ эмылІэужьыгъуэхэм кьикІыу КЪБР-м и Президентым и Интернет-хэщІапІэм (www.presidentkbr.ru) ихьыгъэ1ыкІуа къыдэкІыжа махуэмрэ Хэкур и хъумакІуэм и махуэмкІэ республикэм и Іэтащхьэм кьыдэзрехьуэхьу тхыгъэ куэд.

Мэзкуу щыпсэу Ерджыонкьуэ Ксение и гум кьыбгъэдэкІ мыпхуэдэ псалъэ гуапэкІэ КЪБР-м и Президентым зыхуегъаз: «ЕбгъэбгъэкІ лэжьыгъэшхуэм и фІыгъэкІэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и экономикэр зэрефІакІуэм, ар гъунэгъу щІыналъэхэм кьызэрыщалъытэм, республикэм зэрызиужьым дыдихьэ хьу дыкІэлопІь. Уьынщагъэ бІдэ, насып уиІэну, фІыуэ і лъагу ди лъахэм и зыуэзщІыныгъэм лъэныкьуэ куэдкІэ тегъэгъэхьа уи Іэхущ1афэм екъулІэныгъэщІэхэр кьыщІпхьыну дынохьуэхьу».

«Къару мыкІуэщІыж, мамыр гъащІэ, фІыгъуэ, зэІуэзэпэщыныгъэ уиІэну си гуапэщ. Уэ пхуздэ Президент Іуэзэдджэ дызэриІэм срог гушхуэ», - щыжеІэ КЪБКЬМА-м и студент Хьэтыкьуэ Р. и хьуэхьум.

Налшыкдэс Хьэтэхьу Марьянэ кьетх: «ЗэфІэкІ зыбгъэдэлъ къэралэжьІуэу ущытхІэрэ, уи лъэпкьымрэ республикэмрэ щхьэжІэ у э гуузлыуэ уиІэщ, цыхьухэм я псэуалІэр ебгъэфІэкІуэн папщІэ, пхуэзэфІэкІ псори зэрыдгъэзыжьыным ухущІокъу. Уи нэІэ тету зэ хуэ экІыныгъэфхэр ёокІуэкІ, социальнэ, экономикэ я Іэныкьуэкі Іэ республикэм нэрылъагъу зеужь. Уи зэфІэкІым хэжьуэну, уи мурадхэр кьохьуІэну ди гуапэщ».

Чувашием щыщ Базуковэ Людмилэ КЪБР-м и Президентым фІыщІэ кьыхуегащІ Тырныау э кьалэм щыпсэу и пхым псэупІэкІэ зэрыдгъэпхьуам папщІэ. «Потин Владимир уи кьулыкьуэр кьыщыпхугъэфэщам щыуатэкъым! Уэ ужьжьапІуэ политик кьудейкьым, атІэ икІи угущІэгъуІыщ. Насып, гъащІэ кІыхь уиІэну сынохьуэхьу!»

Апхуэдэу псэупІэкІэ зэрыдгъэпхьуам папщІэ, налшыкдэс Хьэтэ Фатимэ Президентым фІыщІэ хуеІ: «Анэ псоми къабгъэдэкІыу лъахьышэу зыпхуэзогъэщхъ, Ди бынхэр зэрыгугъуфэр плъагъуну фІэкІа хууейтэкъым. Республикэм и зыужьыныгъэм жыджэру уэрелэжьаным папщІэ фІыщІэ ин пхудощІ. Ди гум кьыбгъэдэкІыу Хэкум и хъумакІуэм и махуэмкІэ дынохьуэхьу, уи лъэпкьым и сэбэп зыхэлъхэр блэжьу республикэм и Іуэхуэхэр дяпэкІи ильэс куэдкІэ зэрызэпхьэну узышыгагъэ бІдэ, насып, кьаруу Тхьэм кьыуитэ.

Налшыкдэс Гуншафіэ М. кьыкеІэтыр: «Уи псэмыбІлэм лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым ис лъэпкь псоми я пщІэм хэхъуэ зэпхьтщ. УФ-м и щІыналъэхэм я унафэщІхэм ящыщу нэхъ зэфІэкІ зыбгъэдэлъу кьалъытэхэм ухабжэу ильэс куэдкІэ уи щІэр кьэралым кьыщІэлъэну сынохьуэхьу. Республикэр efлэкІуэн папщІэ, Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу дэтхэнэ зыри дамэгъу кьыпхурекьу».

НЫР Залинэ,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

• КЪБР-м и Парламентым

Іуэхугъуэ 20-м щІигъу

Мазаем и 25-м Къэбэрдей-Балькъэр республикэм и Парламентым и зэІуэпІэ зэхэтащ. Ар ирагъэкІуэкІащ республикэм и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и Унафэщ1ым и яп1э кьуэдзэ Жаным Руслан.

ДЕПУТАТХЭР Іуэхугъуэ 23-м хэпІэн хуейт. АрщхьэкІэ, а бжыгъэр щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэкІыж, ягъэмэщІащ 20-м нэс. ЗэрагъэтІылъэкІа закон проектхэр теухуащ республикэм и Хэкак1уэ комиссэм и законым зэхьуэкІыныгъэхэр хэтлъхьным, Федеральнэ законхэр зэхъуэкІыным хуэунэтІа эзрдэмэхэр Къэрал Думэм кьыщыІэтыным.

Мы зэІущІэм **Жаным Руслан** щиритыжащ Федерацэмкі Советыр илъэ 15 зэрыщІкъум хуэгъэзащ медаль зыхуагъэфэща, республикэм и хабзэгъэув Іэнатіэм зыкьыжьыным хэлъхьныжьыгъуэ зэхъуэкІыным хуэунэтІа эзрдэмэхэр Къэрал Думэм кьыщыІэтыным.

Мы зэІущІэм **Жаным Руслан** щиритыжащ Федерацэмкі Советыр илъэ 15 зэрыщІкъум хуэгъэзащ медаль зыхуагъэфэща, республикэм и хабзэгъэув Іэнатіэм зыкьыжьыным хэлъхьныжьыгъуэ зэхъуэкІыным хуэунэтІа эзрдэмэхэр Къэрал Думэм кьыщыІэтыным.

Налшык и 8-нэ суд участкэм и зэзыгъэкІуэ судыщІэ кьулыкъуэм Чеченэ Марьям Сергей и пхър зэрыувну ІэІэткІэ хуит ящІа нэужь, депутатхэр хэпІыкІ 2008 - 2010 гьэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым Іулъхьэм зэрыщІэпщІэтыным теухуа республикэм и зэжьыгъэм зэхъуэкІыным хэлъхьэным. А Іуэхуэр кьызыхкІ щхьэусыгъуэхэр кьигъэлъагъуэу щхьыщысалъэм, щхьарегъащІэ Іэнатіэмкі, жылагъуэ зэгухьныгъэхэмрэ щІалэгъуаІэ Іуэхуэмкі министр **Пащты Борис** кьыхуегъащІ зи гущІэгъуэ министерствэм хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэр кьызэрыгуагъэхьам, абы хуэдэ нэгъэщІ зэхьуэкІыныгъэхэр зэрыщыІам программэм хэпІыжьын хуейуэ кьызэрагъэувыр.

Къэрал мыкІуэр муниципальнэ Іуэхущапіэхэм етыжьыным теухуауэ зэІущІэм кьыщащта унафэм ипкъ иткІэ, къалэ, район администрацэхэм я1эрохьэ щІыналъэхэм заужьыным хуэунэтІа Урысейпсо программэм кІыуІЫпща ахьшэкІэ кьащэхуа автобусу, коммуналнэ Іуэхутхьэбзэ зэралажьэ техникэ зэмылІэужьыгъуэ 186-рэ. А программэм и фІыгъэкІэ кьащэху псори къэрал мыкІуэу кьоно, щІыпІэ парламентхэм унафэ щхьэхуэкІэ аэр муниципальнэ Іэнатіэхэм яІэщІилхьэху. Ары нщІауэ техникэр кьызыхуащэхуахэм кьагъэсэбэп хъуркьым.

Къэбэрдей-Балькъэрым сабийхэм я хуитыныгъэхэр кьыщызэгъэпэщыныкІэ законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн щІыхуей щхьэусыгъуэхэм я гугъу щищІым, Лжьыгъэмкі, социальнэ политикэмрэ зыщІыпІэр хьунымкІэ Парламентым и комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим** жиІащ Іуэхур сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэмрэ я узышлагъэр егъэфІэкІуэжьныкьрэ нэхъыфІу кьызэгъэпэщыным зэрыхуэунэтІар.

Депутатхэм яп1э еджагъуэу кьащтащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу щыхуэхэм жэщкІэ загъэпсэхуным зэран хуэхъу щымыІэным теухуа законым и проектыр. Апхуэдэ законыр куэд щІауэ щолажьэ Урысей Федерацэм и щІыналъэ зыбжанэм, ауэ ди республикэм и законхэм я1бзыкъ щытыкІэхэм а псор нобжкІэ хиубыдэркъым. Ар гъэзэкІуэжьин хуейуэ кьылъытэри, проектыр кьыхилъхьащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и1у нафэщІ **Чеченов Ануар**.

Зэ1ущІэм яп1э, етІуанэ еджагъуэу кьыщащтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и ЩІы Кодексым, щІэныгъэм, къэрал хьыбарегъуэ зехьэным теухуахэм, нэгъуэщІ законхэм зэхъуэкІыныгъэхэрэ дэщІыгъэжьныгъэхэмрэ зэхьилъхьэ проектхэр. Ахэр псори хуэунэтІащ республикэм и экономикэм, и

ГУФІЩІО Зарифи.

Тур кьалэр зэхащІыкъуар зы секундэм метр 40-м ехьапІэгъыу кьеуа жьапщэращ. Абы жыгхэр, пкъохэр ирищІыкІащ. Іэшхыу мелуан хуэдиз зыкъыраугъуэщу кьэнащ. Дунейм и кьэхъукащІэ щынагъуэхэм зэхихьута гъэрэ Гессен, Рейнганд-Пфальц куейхэращ.

Францым и закъуэкъым

«Ксинтия» зыфІаца жьапщэм зэхикьутащ Францым и къуэкъым.

Германием абы щрищІыкІа жыгхэм я зэранкІэ цІыхуипІ хэкІуадащ, иджыри цІыху зыбжанэ уІэгъэ хьэлъэщ. Нэхьыбэу жьапщэм зэхифыщІар Гессен, Рейнганд-Пфальц куейхэращ.

ЩІыхъэйри псыдзэри

Зыгъэнсэхугъуэ махуэхэм щІыхьэйм зэхикьута Чили и щІыналъэхэм комендант сыхьэт щагъуэващ.

А унафэр правительствэм кьиштэн хуей хьауэ, дыгъуэкІуэдар зыхуэдизыр ящІэркъым. «2010 - 2015 гъэхэм КЪБР-м и щІалэгъуаІэр республикэ программэ зэрызэхагъэувам.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хъыбарегъащІэ Іэнатіэ хэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуаІэ Іуэхуэхэмкі и министрым и къуэдзэ **Герговэ Джамболэт** и кьэпсэпэныгъэм кьыхигъэщащ щІалэгъуаІэм я иІэсыр щыщІидзэм пщэрылъ зыщащІыжьа псоми фІыщІэ яхуищІри, жиІащ къыхэжьаныкІахэр щІыхь тхьыпхэмкІэ зэрагъэпэжьну.

Апхуэдэу абы КЪБР-м и Президентым кьыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьыпхэр яритыжащ (Іэсжэн район администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Бажэ Дотийрэ Прохладнэ кьалэм и унафэщІ Пархоменкэ Юлиерэ.

«ЩІалэгъуаІэм я иІэсым дызэрехьуІам дыхопльэк нобэ, - жиІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Саенкэ Татьянэ,** -икІи екІуэкІа Іуэхугъуэхэр сиІ нэгу кьыщІэзгъэхьэжкІэрэ, сэ схэрыгъэнуф утыку кьрахьа дэтхэнэ зы программэрэ проектри купщІафІэу зэрыщытар. Абы и щІыхьэтщ, хабзэ дахэ яхуэ хъуу, ахэр дяпэкІи ирагъэкІуэкІыну унафэ кьызэращтар. КьыхэгъэщІапІэхэщ ахэр зэныбжьэгъуфэм, мамырыгъэм, зэгурыІуэныгъэм, гуапагъэм, фІы лэжьыным и лъабжьэ бІдзу зэрыщыгъуа. ЩалэгъуаІэм я ильэсыр нухами, республикэ унафэщІхэм ныбжьыщІэхэр дяпэкІи гупытэнщэ ящІыныкъым.

ЗэрыжаІэу, щІалэгъуаІэрыщ къэкІуэнур зейр, къэралым гугьапІэ инхэр зэрипхыр фэращи, жыларыу-политикэ, спорт, щэнхабзэ гъащІэм жыджэру фыхэтыну фыкъыхуэоджэ, зэчиифІэу фызэрыщыщытыр къэвгъэпэтэгъуащи, дяпэкІи республикэм и зэІуэпэщ псэукІэм хэлъхьэныгъэ хуэфащІыну дыфщогугъ.

Саенкэ Татьянэ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьытыр яритащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Мусinstallпмэнхэм я Іуэхущапіэм и унафэщІ Пщыхьэщ1э Іэнас, республикэм и чыристан дин зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Бобылев Валентин, щІалэгъуаІэм я урысейпсо союзым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и унафэщІ Шаваев Ильяс, Бахьсэн кьалэ дэт курыт школ №1-м и директор Шыбзыхьэу Хьэнишэт, Іуащхьэмахуэ район администрацэм и тхьэмадэ Соттаев Къурмэн сымэ.

ЩІалэгъуалэм я ильэсыр зэхуащІыж

•Гуф1эгъуэ пшыхьхэр

КЪБР-м Щ1алэгъуалэм я ильэсыр щ1ыхь1ащ1ыж пшыхь тазаем и 27-м Налшык щ1ыпІэ Къэрал кинокон-церт гъэлъэгъуапІэм щекІуэк1ащ.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ а ильэсыр ди республикэм зэрыщагъэкІуэкІам, зыхуагъэувыжа кьалэнэхэр кьаззэрехьуІам. Абы хэтэщыпхъэщ ирагъэкІуэкІа Іуэхугъуэхэм я нэхьыбэр щІалэгъуаІэм я жэрдэмкІэ кьыхэзрызэрагъэпэщащ. Абы наІуэ тщещІ кьытщІэхъуэщІэблэр жылагъуэ гъащІэм жыджэру зэрыхэтыр, жэуапІныгъэ яхэлъу ахэр кьыхэзрытэджкІыр. Пэрыщыхэращи, щІалэгъуалэр иджкІ нэхъ тегушхуауэ утыку кьинхьэ хъуащ, я Іуэху ептыкІэхэр, гупсысэкІэхэр республикэ унафэщІхэм я деж нахьэсыжьмкІи Іэмал нэхьыбэ кьахуэкьэкІащ. Апхуэдэу мыхьэнэщхъэ зиІэ Іуэхугъуэу республикэм щрагъэкІуэкІахэм ящыщщ «Эльбрусиада-2009»-р, «Сы- хьэт 72-м кьриубыдэ гуапагъэ», «Сэ УФ-м срищыхущ», «Сабийхэм гурыфІыгъуэкІэ яхуэупсэ», «Студент гъатхэр - Кавказ Ищхъэрэм», нэгъуэщІхэри. ЩІалэгъуалэм яхуэгъэза лэжьыгъэхэр абдеж кьызэрыщымыувыІэр кьеГъэпъагъэ ти. А Іуэхумкі щытыкІэр щынэхъ гугъущ Консепсьон кьалэм. Абы хьунщІакІуэхэмрэ полицейхэмрэ щызэхэуащ. Ерыскъыкэн Іи псыи ямыІэу, псоуПэнпэу кьызэхэзгъэкІэрдсхэр гуп-гупурэ тоуэ тыкуэнхэм икІи зэхадыгъуэр ерыскьым и закъуэкьым. Ахэр нэпс кьыщІэзыхуу газрэ псыутх лъэрызехьэкІэ полицэм эзгречу. Кьалэ унафэщІхэм жаІэ нкІэщІыпІкІэ правительствэм ефыкьы кьырмышалІэмэ, щІыхьэхэм зыкьаІэтэну. Комендант сыхьэтым щІыхуэхэр хуит ищІкьым сыхьэт 21-м щІыщІэдзауэ сыхьэти 6 хъуху уэрамым кьытехьэну. АрщхьэкІэ щІыхьэйм зи унэ-лъапсэ зэхихьута щІыхь минхэр щІыпсэр зэрыхэмрэщ.

Чили кьыщІихьа щІыхьэйм ящ Щхуэм и псым зыкьригъэІэтащ. Абы и толькьунэр теуащ псы Іуфэм щІыпсэу кьалэхэм, етІуанэ кьатым нэс щІигъанэу, автомобилхэр, кьхьухэр кьиІэтуръ эзбгридзащ. Псом хэмыдэу толькьунэр нэхъ зэуар Конституцэм, Пичилемэ кьалэхэращ. Псы Іуфэм Іуса Лилокэ кьуажэр зэрыщыту ІуилъэсыкІащ. А куейм хьыбарыншэу щыкІуэдащ цІыху 400 хуэдиз, хэкІуэдар иджыри къэс кьахуэбжакъым. Сан-Антонио, Вальпараисэ хуэхъ тедаПІэхэр зэхуэщІащ, щІыхьэйм псы зэрыкІ лъэмыж закъуэр зэрызэкІэлъмыкІуэм, ешы школым щыІэ зэнитар щытыкІэми арэзы ykъызэримыщІам.

Министрым зыкъыхуэзыгъэза пенсионер Савин Александр и лъэІур зытеухуар онкодиспансерым антекэ щхьэхуэ кьыщыІэзІуэхынырщ. Онкологие узыфэ зыпкърытхэм ирагъэкІуэкІыну унафэ кьызэращтар. КьыхэгъэщІапІэхэщ ахэр зэныбжьэгъуфэм, мамырыгъэм, зэгурыІуэныгъэм, гуапагъэм, фІы лэжьыным и лъабжьэ бІдзу зэрыщыгъуа. ЩалэгъуаІэм я ильэсыр нухами, республикэ унафэщІхэм ныбжьыщІэхэр дяпэкІи гупытэнщэ ящІыныкъым.

ЗэрыжаІэу, щІалэгъуаІэрыщ къэкІуэнур зейр, къэралым гугьапІэ инхэр зэрипхыр фэращи, жыларыу-политикэ, спорт, щэнхабзэ гъащІэм жыджэру фыхэтыну фыкъыхуэоджэ, зэчиифІэу фызэрыщыщытыр къэвгъэпэтэгъуащи, дяпэкІи республикэм и зэІуэпэщ псэукІэм хэлъхьэныгъэ хуэфащІыну дыфщогугъ.

Саенкэ Татьянэ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьытыр яритащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Мусinstallпмэнхэм я Іуэхущапіэм и унафэщІ Пщыхьэщ1э Іэнас, республикэм и чыристан дин зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Бобылев Валентин, щІалэгъуаІэм я урысейпсо союзым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и унафэщІ Шаваев Ильяс, Бахьсэн кьалэ дэт курыт школ №1-м и директор Шыбзыхьэу Хьэнишэт, Іуащхьэмахуэ район администрацэм и тхьэмадэ Соттаев Къурмэн сымэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Аргуэру насыпышагъэ

Идж1ыблагъэ щ1ыхьэйм игъэгуІа Ганти Республикэм к1ыхэнар тхьэмахуэ к1уам ныдэлэжьэ я1Іэнсымрэ я1ыхьжауэ жыІэ хьэпщІ.

Иужьрей зэманым зэпымыкІуэ кьешха уэшхыи и зэранкІэ, кьэралым и инагьКІэ щыещанэ Ле-Ке кьалэр зэрыщыту псым щІигъэнащ. Ардыдэр кьыпопльэ Ганти и кьалащхьэ Порт-о-Пренси. Псым зэм и нэхь машІэраУэ цІыху 11 ихьащ, цІыхуипщІ бжыгъэхэр хъыбарыншэу кІуэдащ. ЦІыхум я нэхьыбэр щыпсэр пщІэ кьызэрыгуэкІ

Лъэпкь Іуэщ1агъэ:
Пащ1эм къимыхьыр жьакІэм кьихьыжьыркъым.

Дерс къызыхэхыпхъэ Олимпиадэ

(К1эухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

Епщыкі ытхуанэ махуэм епланэ дыщэр къыщІхьамэ, зэи къэмыхьуа рекорд (зы Олимп Джэгуэхэм дыщэ медалипл!) ягъэувыфыну щытащ Норвегием и къыкІуэ Бьорген Марит Километр 30-р лыжэкІэ цІыхубзхэм къыщыІэпачым псом яп1э иту къакІуэ Бьорген иужьрей километрым къыпэщІыхьэжащ икІи яп1э къыщыжьафащ Польшэм и лЫкІуэ **Ковальчик Юстинэ.** Иджырей Олимпиадэм ди Пэлъэныкъуэм къыщыхьа яп1э дыщэ медалщ. Ещанэу къэсащ Саариней Айно Кайсэ (Финляндие). Дыдейхэм ящыщу нэхъыфІар Завьяловэ Ольгэщ (23-нэ увыпІэ).

ЛъэрыжжьІэ цІыхухъухэм я гуп зэхьэзэхуэм яп1э къэсащ фы дыдэу зыкъызэзыгъэпхъэуа **Канадэм** и командэр. США-м и гупыр етІуанэщ. Жэз медалхэр кьахьащ Голландием и лЫкІуэхэм.

А спорт лЭужьыгъуэ дыдэмкІэ цІыхубзхэм я зэпеуэм щытекІыщ **Германием и командэ кьэжар** . Абыхэм кьакІэлъокІуэ Японием рэ Польшэмрэ я лЫкІуэр эр. Урысей Федерацэм и гупыр ебланэщ.

Оноубордым нэхъ лъэщу кьыщыщІэкІащ хэгъэрейхэм я лЫкІуэ **Андерсон Джейси Джей** . Дыжьын медалыр кьихьащ Австриемщ цыщ Карл Беньямин, Боззетто Матъе (Франджы) ещанэщ. Ди лъахэгъу Детков Станислав пэчыжьэгу дыдэу щытащ медалхэм. Финал нЫкъуэ зэІущІэм ар кьыхихэщІащ иужькІэ чемпион хьуам. Ещанэ увыпІэм щхьэкІэ зэпеуэми и Іуэхур кьыщикІакъым икІи еплІанэу кьэнащ.

Бгы лыжэхэмкІэ кьызэджащ цІыхухъухэр. Италием и командэ кьыхэхам яп1э дыщэ медалыр кьыхуихьащ **Рацколи Джулиано**. Дыжьыныр кьыІысащ Хорватием и лЫкІуэ Костелиу Ивиц. Швед Мюрер Андре ещанэщ. Хорошилов Александр кьыхуэхьар 23-нэ увыпІэрэщ.

БобслеймкІэ цІыхухъухэм я зэпеуэм дыщэ медалхэр кьыщащхьащ **Америкэм и Штат Зэгуэтхэм** я гуп кьыхэхам. Абыхэм кьакІэтьокІуэ Германиер. Жэз медалхэр Канадэм кьыІысащ. Урысей Федерацэм и гупитІыр еянэ, ебгъуанэу кьэсащ.

Олимп Джэгуэхэм идкьыри зы дыщэ медаль кьыщІахьащ **хэгъэрейхэм**. КёрлингымкІэ ахэр финалым щефІэкІащ Норвегием. Шведхэм текІуа Швейцарием ещанэ увыпІэр кьихьащ.

ХоккеймкІэ зэхъэзэхуэм ещанэ увыпІэр кьэхьыным екъэлІа зэІущІэ ирагъэкІуэкІащ Словакиемрэ Финляндиемрэ. 5:3-уэ финхэр зэІущІэм щытекІуащ икІи жэз медалхэр кьахьащ.

XXI щымахуэ Олимп Джэгуэхэм и иужьрей махуэм щызэхэкІащ лыжжэхэмкІэ цІыхухъухэм километр 50-м щынэхъ лъэрызехьэр. Апхуэдэу кьыщІэкІащ Норвегием и лЫкІуэ **Нортуг Пёгр**. Германием щыщ Тайхманн Аксель етІуанэщ. Жэз медалыр кьихьащ швед спортсмен Ольссон Юхан. Ди щІалэ Выглеганин Максим кьызэрысар еянэщ.

Псом нэхъ удэзыхьэху екІуэкІащ хоккеймкІэ финал зэІущІэр. Абы щызэхэщІащ Канадэмрэ США-мрэ и командэ кьыхэхаэр. ЗэІущІэм и етІуанэ Іыхьэм иригъэлІэу хэгъэрейхэр 2:0-у текІуэрт, арщхьэкІэ Америкэм и командэм хуэд дэмыкІыу зэщІхэщІыкІыныгъэр нэхъ мащІэ ищІыжащ. ЗэІущІэри иухьыным медан дыжьакІэ ф1эжІа кьэмынэжаущ, бзыгъэр зэхуэщІ. Дыщэ медалхэр кьызыІыысынырщ щы-

зэкІыныр овертаймырт. КьыщІагъуэ Іыхьэм и еянэ дакьикъэм и командэр яп1э ирагъэщащ икІи Олимп чемпион хьуным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ **Канадэм** и гъуащхьаУэ Кросби Сиидни.

Абдежым щиухащ Банкувер щекІуэкІа XXI щымахуэ Олимп Джэгуэхэр. КъыкІэлыкІуэ зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІынущ 2014 гъэм Урысей Федерацэм и Сочэ кьалэм.

Ящырей Олимп Джэгуэхэм кьрикІуахэм урипльэжмэ, ущІэгушхуэнар машІэ дыдэщ. ГугъэфкІэр дэзэгъэщІу зэхьэзэхуэм кІэу ди кьомдэм гуп зэхьэзэхуэм кьащыкъухэр епщыкІуэнэ увыпІэ кьудейщ. Абы Олимпиадэм кьащыкъащ дыщэ медалу 3, дыжьыну 5, жэзу 7. Абыкіэ, дауи, арэзы-кьым эзы спортсменхэри кьэралыкІуэщІхэри. Олимпиадэм кьрикІуахэр дяпэкІи зэпкьрахьыжьнущ икІи дыщыгугъынщ дерс кьыхахыу, 2014 гъэм Сочэ щытыкІэр щагъэзэкІуэжьыну.

Банкувер щекІуэкІа Олимпиадэм зэи къэмыхьуа куэд ди нэгу щыІэкІащ. Дэрэжэгъуэ абыхэм я нэхъыбэр гухэщІщ. Апхуэдэу, ди жагъуэ з эрэрыхущи, Урысей Федерацэм хоккеймкІэ и командэ кьыхэхар финалым и 1/4-нэ фІэкІыфакъым. Фигуристхэ эми дэрэжэгъуэ кьыдатакъым. Абы кьыдэкІуэу, зэи кьэмыхьуауэ, Канадэм и закъуэ зы Олимп Джэгуэхэм дыщэ медаль 14 кьыщІихьащ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэри тхыдэм кьыхэнащ. Псом зэгуэгъуэ абы медаль 37-рэ Банкувер щызыІэригъэхьащ. КьыгтхэзэкІыращи, 2014 гъэм Сочэ щекІуэкІыну Олимпиадэм нэхъыфІкІэ дыщыгугъынщ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

XXI Олимп Джэгуэхэм я епщыкІущанэ махуэм и ужькІэ				
Къэралхэр	дыщэ	дыжьын	жэз	псори
1. Канадэ	14	7	5	26
2. Германие	10	13	7	30
3. США	9	15	13	37
4. Норвегие	9	8	6	23
5. Корее	6	6	2	14
6. Швейцарие	6	0	3	9
7. Китай	5	2	4	11
8. Швеция	5	2	4	11
9. Австрие	4	6	6	16
10. Голландие	4	1	3	8
11. Урысей Федерацэ	3	5	7	15

Францым и закъуэкъым

«Ксинтия» зыфІаца жьапщэм зэхикьутащ Францым и къуэкъым.

Германием абы щрищІыкІа жыгхэм я зэранкІэ цІыхуипІ хэкІуадащ, иджыри цІыху зыбжанэ уІэгъэ хьэлъэщ. Нэхьыбэу жьапщэм зэхифыщІар Гессен, Рейнганд-Пфальц куейхэращ.

ЩІыхъэйри псыдзэри

Зыгъэнсэхугъуэ махуэхэм щІыхьэйм зэхикьута Чили и щІыналъэхэм комендант сыхьэт щагъуэващ.

А унафэр правительствэм кьиштэн хуей хьауэ, дыгъуэкІуэдар зыхуэдизыр ящІэркъым. «2010 - 2015 гъэхэм КЪБР-м и щІалэгъуаІэр республикэ программэ зэрызэхагъэувам.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хъыбарегъащІэ Іэнатіэ хэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуаІэм и ильэсыр щыщІидзэм пщэрылъ зыщащІыжьа псоми фІыщІэ яхуищІри, жиІащ къыхэжьаныкІахэр щІыхь тхьыпхэмкІэ зэрагъэпэжьну.

Апхуэдэу абы КЪБР-м и Президентым кьыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьыпхэр яритыжащ (Іэсжэн район администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Бажэ Дотийрэ Прохладнэ кьалэм и унафэщІ Пархоменкэ Юлиерэ.

«ЩІалэгъуаІэм я ильэсым дызэрехьуІам дыхопльэк нобэ, - жиІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Саенкэ Татьянэ,** - икІи екІуэкІа Іуэхугъуэхэр сиІ нэгу кьыщІэзгъэхьэжкІэрэ, сэ схэрыгъэнуф утыку кьрахьа дэтхэнэ зы программэрэ проектри купщІафІэу зэрыщытар. Абы и щІыхьэтщ, хабзэ дахэ яхуэ хъуу, ахэр дяпэкІи ирагъэкІуэкІыну унафэ кьызэращтар. КьыхэгъэщІапІэхэщ ахэр зэныбжьэгъуфэм, мамырыгъэм, зэгурыІуэныгъэм, гуапагъэм, фІы лэжьыным и лъабжьэ бІдзу зэрыщыгъуа. ЩалэгъуаІэм я ильэсыр нухами, республикэ унафэщІхэм ныбжьыщІэхэр дяпэкІи гупытэнщэ ящІыныкъым.

ЗэрыжаІэу, щІалэгъуаІэрыщ къэкІуэнур зейр, къэралым гугьапІэ инхэр зэрипхыр фэращи, жыларыу-политикэ, спорт, щэнхабзэ гъащІэм жыджэру фыхэтыну фыкъыхуэоджэ, зэчиифІэу фызэрыщыщытыр къэвгъэпэтэгъуащи, дяпэкІи республикэм и зэІуэпэщ псэукІэм хэлъхьэныгъэ хуэфащІыну дыфщогугъ.

Саенкэ Татьянэ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьытыр яритащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Мусinstallпмэнхэм я Іуэхущапіэм и унафэщІ Пщыхьэщ1э Іэнас, республикэм и чыристан дин зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Бобылев Валентин, щІалэгъуаІэм я урысейпсо союзым и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и унафэщІ Шаваев Ильяс, Бахьсэн кьалэ дэт курыт школ №1-м и директор Шыбзыхьэу Хьэнишэт, Іуащхьэмахуэ район администрацэм и тхьэмадэ Соттаев Къурмэн сымэ.

ЩІЫХЬЭЩЭМЫЩІ ИЗ.

Дохутыр нэхъыщхьэм зыхуагъазэ

•Политикэ партхэм

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныкІэ и министр Бицу Вадим «Зыуэ щыт Урысей» партым и Іэтащхьэ Путин Владимир и жьауэ Іуэху щІапІэм щІэлущІащ Іуэхукіэ абы къекІуэлІа цІыхухэм яІцыщу пщыкІуахьм. Ахэр нэхъыбэу кьызыгетхьар медицинэм ехьэлІа Іуэхуэрт - фошыгъу диабет зэуэхэр хущ хъуэкІэ къызэрызэрагъэпащырт, цІыхухэм ныкъуэдыкьуагъэ зэралэмкІэ тхылъхэр зэрырат щІыкІэрт, гу уз хьэлъэ зыпкърытхэр операцэ ящІынымкІэ щІэм Іэмалхэрт, сабий сымаджэхэм кьеуэлыр яубзыхуи пщыдзэмрэ кьахуихьа щхьэусыгъуэ зэрыщІэлъ.

Ауэ республикэм и жылагъуэ щхьэхуэхэм, Налшык кьалэм и хьэбла хэхаэм яхуэгъэза социальнэ Іуэхуэхэр кьэзыІэтахэри щыІэщ.

Дзэлыкьуэ районым хьыхь Сэрмакъ кьуажэм щыщ цІыхубз гупым жаІащ езыхэр щыпсэу псы адрыщІым гугьу зэрыщІэхыр. А хьэблэм ираф псы хуабжьу иужь зэманым яуфІеящ илъэс зыбжанэм кьриубыдзу кьызэІуаха Іуэхущапіэхэм. Псом хэмыдэу щІыкІуэр егъэпІейтей сабийхэр школым щыкІуэкІэ псым зэрикІ лъэмыж закъуэр зэрызэкІэлъмыкІуэм, езы школым щыІэ санитар щытыкІэми арэзы ykъызэримыщІам.

Министрым зыкъыхуэзыгъэза пенсионер Савин Александр и лъэІур зытеухуар онкодиспансерым антекэ щхьэхуэ кьыщыІэзІуэхынырщ. Онкологие узыфэ зыпкърытхэм зыхуеину хущхъуэхэр кьащэхун папщІэ, иджыпсту Налшык и хьэблэ нэхъ пхыдза дыдэм нэс кІуэн хуей мэхъу.

Кечаев Авраслав, Жуй Тамарэ, ЩІакІуэныкъуэ Раисэ, Абеикьуэ Мадинэ сымэ зэрыжаламкІэ, фошыгъу диабет зыпкърыт сымаджэхэр инсулинкІэ зэкІэлъыкІуэу кьызэрагъэпэщыркъым. А хущхъуэр сымаджэхэм ильэс ныкъуэм нэблагъэкІэ щаІэрыфыныхэ зэхьуэщ. Кьалэм и Александровкэ хьэблэм щылэжьэн кардиологэр зэрахуримыкІуэм теухуауэ министрым хуэтхьэусыхащ пенсионер Поган Михаил. Пилявов Людмилэ Бицу Вадим елъэІуащ ильэс 26-рэ зи ныбжь, ныкъуэдыкьуэу кьалъхуа и щІалэм зэрыныкъуэдыкьуэм теухуа тхылъыр, гъэкъэс кьыкІэлъымыкІыхьэн хуэдэу, кьратыныкІэ зыщІигъэкъуэну.

А махуэм зыкъыхуэзыгъэзахэм ящыщ зыбжанэм Бицу Вадим зыхуэ

Зэрыздэлэжьэнур яубзыху

●Зэйущіэхэр

КъБР-м Хьыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгуихьныгъэхэм ядэлажьэнымрэ щіалэгъуалэ Іэущхьэмкіэ и министерствэмрэ «ЩІалэгъуалэр зыгъэпІейтейхэм я институт» организацэмкіэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мрекъуэщ академием иджыблагъэ зэІущІэ щхьэнэ щрагъэкІуэкІащ.

Абы пытенсэдыхьыщ къэралрыгъэ жылагъэ организацэхэмрэ я зэпыщІныгъэхэр егъэфІекІуэным хуэунэтІащ къыпэщытхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ министерствэм жылагъуэ организацэхэмрэ политикэ партхэмрэ ядэлажьэнымкІэ и къудамэм и унафэщІ **Шыбзыхъуэ Залым,** «ЩІалэгъуалэр зыгъэпІейтейхэм я институт» зэгуихьныгъэм и Іэщлагъэхэр **Бураковская Марина,** республикэм и чиркъэтан члисхэм жылагъуэм ядэлэжьэнымкІэ я ЛыкІуэ **Самохин Михаил,** ЩІалэгъуалэ Правительствэм, жылагъуэ, щІалэгъуалэ зэгуихьныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэр, студентхэр.

- Нобэрей ди зэхьыхьэ зыгеухуар къэралымрэ жылагъуэ организацэхэмрэ зэрыздэлажьэнымрэ и унэтІыныгъэрэ, - жиІащ Шыбзыхъуэ Залым. - Язынныкъуэхэм къалытэ къэралымрэ жылагъуэмрэ зэпэщхьэхуэу, зэпэІэщІэу. Анхуэдэу къащцыыгъэхъар ахэр зэрызэдэлэжьэну щыкІэр ядкири къызідэсын Іупщіу убзыхуэ зэрымыхъуарщ. Къэрэлъэгъуэн хуейщ абы и лъэныкъуэкІэ нобэ къэрал ІуэхущапІэхэр нэхъ зэрызэІухар, жылагъуэ зэгуихьныгъэхэм я дзэпэкъуныгъэхэм зэрызэуныкъуэр икІи лъэныкъуэхэр зэшзэІэным зэрыхущІкъыр. Гъэзэныгъэм, егъэджэныгъэм, Хэкур фІыуэ ялъагъуэ щІэблэр къэгъэхъуным, псапащІэ Іуэхуэхэм, мамыр псэукІэр гъэбыдэным жылагъуэ организацэхэм хэлъхьэныгъэ щхуэ хуащІыфнущ. Щапхъуэ къэпхъ хъунущ КъБР-м и Президентым деж щыІэ Жылагъуэ-чэнджэщгъу советыр, Жылагъуэ палатэр, ЩІалэгъуалэ Правительствэр, ЩІалэгъуалэ палатэр, республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я ассоциацэр, нэгъуэщІхэр. Жылагъуэ зэгухъэныгъэхэмрэ мыкомерцІэ организацэхэмрэ щыщхэм абыхэм пыщІэныгъэфІ хуаІэщ, - кьыхигъэщащ Шыбзыхъуэм.

Зэхьыхьэм гулъытэ хэха хуащІу щыІэпкъэхахащ жылагъуэмрэ хэрагъэкъуэрэ зэрыздэлажьэ щыкІэм 2015 гъэ пщІондэ зэрызиужьынум и унэтІыныгъэр. Ар згъэхьэзыращ «2020 гъэ пщІондэ Урысей Федерацием и лъэныкъ щынагъуэнщагъэм и стратегием и Іуэхукіэ» нэгъабэ нахкыгъэм и І2-м УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа Указым, коммерцІуэ щымыт организацэхэм, Жылагъуэ зэгухъэныгъэхэм я Іуэхухэмкіэ УФ-м и закон хэм, «ЩІалэгъуалэ, сабий жылагъуэ зэгухъэныгъэхэр къэралым диІыгъыным и институт» зэгухъэныгъэм и Іэщлагъэхэр **Бураковскэ Марина,** республикэм и чиркъэтан члисхэм жылагъуэм ядэлэжьэнымкІэ я ЛыкІуэ **Самохин Михаил,** ЩІалэгъуалэ Правительствэм, жылагъуэ, щІалэгъуалэ зэгуихьныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэр, студентхэр.

- Нобэрей ди зэхьыхьэ зытеухуар къэралымрэ жылагъуэ организацэхэмрэ зэрыздэлажьэнымрэ и чиркъэтан члисхэм жылагъуэм ядэлэжьэнымкІэ я ЛыкІуэ **Самохин Михаил,** ЩІалэгъуалэ Правительствэм, жылагъуэ, щІалэгъуалэ зэгуихьныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэр, студентхэр.

- Нобэрей ди зэхьыхьэ зытеухуар къэралымрэ жылагъуэ организацэхэмрэ зэрыздэлажьэ щыкІэм 2015 гъэ пщІондэ зэрызиужьынум и унэтІыныгъэр. Ар згъэхьэзыращ «2020 гъэ пщІондэ Урысей Федерацием и лъэныкъ щынагъуэнщагъэм и стратегием и Іуэхукіэ» нэгъабэ нахкыгъэм и І2-м УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа Указым, коммерцІуэ щымыт организацэхэм, Жылагъуэ зэгухъэныгъэхэм я Іуэхухэмкіэ УФ-м и закон хэм, «ЩІалэгъуалэ, сабий жылагъуэ зэгухъэныгъэхэр къэралым диІыгъыным и институт» зэгухъэныгъэм и Іэщлагъэхэр **Бураковская Марина,** республикэм

● Тхьлъыщ1э

УсакIуэшхуэмрэ адыгэхэмрэ



ИДЖЫБЛАГЪЭ Москва къыщыдэкIащ шэрджэс ед1агъэшхуэ ик1и тхак1уэ Хъупсирокъуэ Хъызыр и къэ хутэныгъэ хьэлэмэт - «Пушкин и Черкесия» зыф1ищ1ар.

Ар зи Iэдакъэщ1экIыр Урысейм щ1эныгъэхэмк1э щ1ыхь зи1э и пэжыак1уэщ, псом я1пэ адыгэ хэм (адыиейхэм, кьэбэрдейхэм, шэрджэсхэм) я литературэр зэгъэсэу кьэхутэн щ1эзыдза щ1эныгъэл1 цIыкIуищ. Хъупсирокъуэ Хъызыр филологием Iэщ1агъэл1 куэд хуэзыгъэ хьэзырахэм ящыщщ, иныжь куэдк1э профессору, кафедрэм и унафэщ1у щыл1эжащ Къэрэшей-Шэрджэс къэрэд университетым, Къэрэшей-Шэрджэс гуманитар кьэ хутэныгъэхэмк1э институтым и директору. Нобэ ильэсхэм «Шэрджэс щ1ыналъхьэм и фонд» къызэригъэпэщ1ауэ газетрэ «Черкесия» журналымрэ къыдет гъэк1, адыгэ л1ыпкъым и Iуэху зэрехуэ. И кьуажэр, и псэк1ыр ф1ым хуэщ1эным хуолажьэ ильэс куэд щ1ауэ. Езым хуэдэуи хэкупсэу игъэсащ и бынхэм ящ1ы кьэ Пазир Урысейм и Президентым и Администрацэм хэтщ) и кьуэрыл1ьхуэрэн (Мурат Адыгейм и л1ыкIуэу Москва кьалэм дэсщ). Абы хэм Iуэхук1и мыгъэк1и зыщ1агъакьуэ адыгэ хэм я щ1эныгъэр, щэнхабзэр зыгъэк1уатэхэм, спортым дэк1ри л1ыпкъым и щ1ыхьыр щ1ыщ1эгъэхэм.

Зи гугъу тщ1ы тхьылъри Хъупсирокъуэ Хъызыр адыгэ л1эпкым зэрыхуэлажьэм и щ1ыхьэщ1. Пушкиным и Iашц1эмрэ и кьалэмы1эм кьыщ1эк1ахэмрэ тетхьыхьам гъуни нэзи и1экIым, ауэ Хъупсирокъуэм кьигъуэтащ езым и Iуэхуэ епхыдк1э, зэхуихьэсащ тхьылъ куэдым щик1уэха материалхэр, щ1ылэ жьащ архивхэм. Ахэр тетъэщ1апI э ищ1ри, Хъызыр Iуащ1у кьигъэлъэгъуащ урыс усакIуэ гъуэзэджэм адыгэ хэм я Iашц1эр, гупсысэр, л1ыгъэр, абыхэм я тепльэр, я дунейр, я хабзэ хэр.

Адыгэхэр Къуэкьлап1э л1ъэныкьуэм щыIэ къэралхэм, л1ъэпк1ъхэм нэхъ пыщIауэ, кьыщащ1ыхуу щытащ. Урысейм, Европэм кьызэрыщащIэр зекIуэл1 закъуэтIакъуэ хэм е я дин къизыхьну хэкум кьихьа щ1ыхуэхэм кIуэрыкIуэм тету хужа1ахэмк1э. Абы жа1ахэр зэрыт тхьылъ тхьылъхэм е дж1эхэр щ1ыхь щащ1э дыдэщ. Пушкин щ1ыпсэуа зэманым еджэфу щыIар нэхъыбэу зэпхар литературэрщ. Литературэм нэхь

● Зэпеуэ

Хэку зауэшхуэм теухуа уэрэдхэр

Хэку зауэшхуэр ильэс 65-рэ зэрырикъум и щ1ыхьк1э Прохладнэ районым Щэнхабзэмк1э и унэм щк1ыуэк1ащ «Уэрэд жыдгъ1эпэ, ныбжьэгъухэ!» фестивалыр. Зэ1ущIэр кьызэрагъэпэщащ районым къегъэбыдыл1э еджапIэхэм, егъэджэныгъэмк1э и управленэм, сабийхэм я зэф1эжьым зегъэужьынымк1э центрым.

АР КЪЫЗЭ1УИХАЩ Прохладнэ районым егъэджэныгъэмк1э и управленэм и унафэщ1 Клешня Ларисэ. А Iуэхуэм кьрихьэл1ахэм псалъэ гуапэк1э захуигъаз эри, абы жиащ ди адзэхэм, адзэшуэхэм Хэкур яхъумэныжмк1э, ирагъэжьк1ынымк1э, мамырыгъ дагъэпэсунымк1э яхуэзф1эк1 кьызэрамыгъэнар ик1и къыхихыгъащ абыхэм дэр папщ1э ящ1а псори зэ1ущIэгъэпущ1э зэрымыхъунущ.

Хэкум, л1ыхъужьк1ыгъэм, мамырыгъэм, л1ыгъ1ныгъэм теуухуа уэрэд щэщ1ыуащ, сыхьэтищ1э ек1уэк1а Iэнатlэм я зэф1эжьым зегъэужьынымк1э центрым.

Унэтlыныгъэ зыбжанэк1э зыщ1эщ1ыхьаурэ ек1уэк1а зэпеуэм я1пэ увыIпэхэр кьыщ1ахьащ ЯковенкоКсенэ (Солдатскэ къуажэ), Бакаева Галинэ (Благовещенскэ къуэ), Къэзакъ Башир (Бжэгъэпэ), апхуэдизу Прималкинскэ, Малакановскэ, Янтарнэ къуажэхэм дэт курыт еджапIэхэм щ1ы1э уэрэджьыIак1э гупхэм.

Зауэмрэ лэжьыгъэхэрэ я ветеранхэм я щ1ып1э советым и унафэщ1ым и къуэдзэ, Хэку зауэщхуэм хэта Миловановым Владимир зэпеуэм щытекIуэхэм щытхъу тхьылъэмрэ саугъэтхэмрэ яритыжащ.

- Дахэу ик1и гур кьызэщ1ыгъэ1у уэрэджьыIак1э ныбжьыщ1эхэм жа1ащ зауэ зэманым теуухуа уэрэдхэр, - ик1ыгъэщащ Миловановым. - Пьэхъэ гугъуэхэм дыщитам, дигуэхэр зэрыдгъэтIысу, кьаруэ кьытхэзыгъэтхъу щытар а уэрэдэхэращ. Нобэрей мазэ зэ1ущIэ гукъинэж дэтхэнэ зыми зэращ1ыхьам щэ1хэтк1ыным.

Фестивалым и кьалэн нэхъыщхьэу щытащ къыщ1эхъуащ щ1еблэм щ1ап1ыхьа щ1ынэмрэ абы и тхыдэр, щэнхабзэ щ1эинхэр ф1ыуэ зэгъэпагъуныр.

Iуныгъ1ЕВЭ Ирина.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Хьэф1ыщIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жьэк1ымыхьу Маринэ**(редактор нэхъыщхьэм и щ1ыпхьэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущ1о Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьк1 Танэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ЕхъулIэныгъэм пещэ

Дзюдо

Германием и Дюссельдорф къалэм иджыблагъэ щек1уэк1ащ дзюдомк1э Гран-При Дунейпсо зэпеуэм и я1пэ Iыхьэр. Урысей Федерацэм и дзюдоистхэм абы дыжьыр, жэз медалхэр кьыщахьащ. Ди къэралым и екъулIэныгъэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Гуртуев Улан.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ ирихьэлIащ Европэ, Азие, Африкэ, Панамерикэ щ1ыналъхэм щыщ къэрал 45-м ик1а спортсмен 355-рэ. Урысейм и чемпионатхэм Т1унэйр жэз медалхэр кьыщ1ыхьа Гуртуевым иджырейм и пк1э и екъулIэныгъэ нэхъ лъагэ дыдэу щытар нэгъабэ Алыджым щек1уэк1а Гран-Прим дыжьын медалыр кьыщ1ыщ1ихьарт.

И зэф1эк1 лъагэр идаукIи зэ на1уэ ищIащ килограмм 73-рэ зи хьэлъэхэм ет1уанэ щ1ыхьа дильхьэгъэм. Финалым щ1ыхуэхэм налшыкдэсым 1/8-нэ Iыхьэм гугъу демыхьу щытридзащ 2009 гъэм щ1ал эщ1эхэм я деж дунейпсо чемпион щ1ыхьа Японием и Iык1уэ Ничиямэ, апхуэдэ дыдэу 1/4-нэ Iыхьэм Улан щефIэк1ащ Азием т1уэнейр и чемпион Кореем щыщ Бангэ. Финал ныкъуэм Гуртуевыр щытек1уащ узбек дзюдоист Юракосандр и л1ыгъэм, и пэжагъэм. Хъупсирокъуэ Хъызыр щ1ихьымэркъым ик1и игъэк1уаншэркъым усакIуэшхуэр империем и идеологием хуэпэжу зэрыщ1ытами. Абы нэхъыбэу къыгъэлъагъуэр Пушкиным фIыуэ ищIарщ. Абы и фIыщIэк1э адыгэ тхак1уэ-уэзэщак1уэ жьыхуэпIэхэр литературэм, адыгэ тхыдэм хэша зэрыхъуарщ. Къаз-Джэрий нухат «Записки о Черкесии» зыфIищ1а л1эжьыгъэр. Щ1эныгъэл1 зыбжанэм къалъытэ Пушкинрэ Нэгумэ Шорэрэ Псыхуабэ деж щыз1эхуэзауэ. Абы теуухуа материалхэр къыщ1ыхьащ мыбы.

Тхылъым щыз1эпкърыщащ Кавказым, адыгэхэм я1теуухуа, я щ1эр кьыщ1ыхьащ проведенэжр. Литературэ щ1эныгъэм и хабзэм тету убгъуауэ итщ Пушкин и л1ъхъэнэм ЗрысеймрэКавказымрэ зэрыкьыт, зэрыкъэхущ1атэм теухуа материалхэр, Пушкин къыдимыгъэк1ауэ къэна «наброски» жыхуа1эхэр. Щ1ыпIэ хэха щагъэзэщ1ат и к1ым къыдыхьа нэгъэщ1 тхак1уэхэм Урыс-Кавказ зауэр къызэрагъэльэгъуэм я щ1ап1хьэхэр, Бытырбыху дэса адыгэхэм, къуальхэм щ1ызыщ1а уэркъхэм я1теуухуа тхыгъэхэр.

Куэдым эзращ1эщ, Пушкин и тхыгъэм я нэхъыбэр гъашI э бедзаныпIэм, Iуэхур щек1уэк1 щ1ыпIэ Адыгеим епхауэ щытащ. Араш абы и «Евгений Онегиным» папщ1э «урыс гъашIэм и щ1эныгъэхэщ1ыкIыгъэр. Адыгэ щ1эныгъаэзм и я1пэ напэк1уэщхэр кьрирагъэжьауэ жьыпIэ хъуну кьыщ1эк1ынщ усакIуэм. Хъупсирокъуэ Хъызыр и Тхыльэ гъашIэным и Iупсысэр кIуэцIрокIыр. Пушкин къытхужи1ахэм щ1ыхьэт техьэуэ щапхъэ куэд хэлъащ щ1эныгъэл1ным и къэхутэныгъэхэм. Ахэр кьыхэхащ этноргафэ щ1эрыуэхэм, тхыдэтхъэм, зекIуэл1хэм, Урыс-Кавказ зауэм хэтхэм я Iэдакъэщ1экIхэм, я гукъэк1ыжхэм. Хъупсирокъуэм тегъэщIапI э ищ1ыр тхыдэм и пэжыгъ, абы къаэзи зыщ1ыжкар ди л1ъпкъым и фIыр, хузэфIэкIыу щытар, и хабзэ дахэхэр ик1и тк1ийхэр, адыгэхэм я щхьэм пщI э хуащ1ыжу, «К1апэ нэхъэрэ напэ» жа1эу зауэ зэман хьэлъэм зэрыпIхрыкIар кьигъэлъэгъуэныгъ. Ар кьыззэрехьулIам щэч кьытесхэркъым.

«Пушкин и Черкесия» тхылъым сэбэпыщ1ауэ кьихьыну щытщ ди щ1эблэр гъэсэныгъ, гъэгушхуэныгъэ теуухуауэ. Ар кьиплыгъэри, Хъупсирокъуэ Хьызыр ар Къэрэшей-Шэрджэсым адыгэбзэ, тхэдж, литературэр щадж щ1ыпIэхэм, библиографиэм пщ1эншэу ящ1ащ. Тхылъыр къа- Iэрыхьэныгъ Адыгеймри, Къэбэрдей-Балъкъэрми, л1ъэпкъым и къэк1уэнym хуэгузавэ псомри.

БАКIУУ Хъанджэрий, *филологие щ1эныгъэхэм я доктор.*

Щ1эибэтрэ Москва дэт Л1энк1э щ1эныгъэ-къэхутак1уэ ядерий университетым и инженер-физик институтым щедж и къуэрыл1ку Астемыр.

● Дифl догъэлтъапIэ

ШэIибэт нанэ и нурыр

Нобэ зи ныбжьыр ильэс 80 ирик1у Амшокъуэ Щ1эибэт екъулIауэ жыпIэ дтхэнэ зы псалъэ хэ1тыкIари зэремыгъэлеям щ1ыхьэт техьэфунущ ар зыщ1ыхь дтхэнэ зыри.

БАХЪСЭН районым хьыхь Кыщпэк (Тыжьей) кьуажэм 1930 гъэм гъатхэпэм и 2-м кьыщ1ал хуэ Балъкъэр Щ1эибэт и гъашIэ псом адыгэбзэм хуэлэжьащ жыпIэк1э ущыуэнукъым. 1950 гъэм абы лэжьэн щ1ыщIидзащ «Къэбэрдей пэж» газетым. Корректорым и дэIэпыкъуэгъуу иригъажьэри, к1элыкIуэу абы зригъэсащ тхыгъэхэр зэрыт радзэ машинэм ирилъжьу ик1и адж1э зыпэрытар а Iуэхурщ.

1950 - 1969 гъэхэм ар щ1ыэжьащ «Къэбэрдей пэж», иужьк1э «Ленин гъуэгу», иджы «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцIэм. Къыз1эпыкIуэу ар щ1ащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмк1э институтым адыгэбзэмк1э и къудамэм (1971 - 1981 - гъэхэм), Телевиденэмрэ радиовещанэмк1э комитетым (1984 - 1995), «Iуащхьэмахуэ» журналым (1995 - 2000), 2000 гъэм щы щ1ідзауэ 2005 гъэ хьуху (пенсэм тIысыжьыху) и псэм хэсыр к1уэцIрокIыр. Пушкин къытхужи1ахэм щ1ыхьэт техьэуэ щапхъэ куэд хэлъащ щ1эныгъэл1ным и къэхутэныгъэхэм. Ахэр кьыхэхащ этноргафэ щ1эрыуэхэм, тхыдэтхъэм, зекIуэл1хэм, Урыс-Кавказ зауэм хэтхэм я Iэдакъэщ1экIхэм, я гукъэк1ыжхэм. Хъупсирокъуэм тегъэщIапI э ищ1ыр тхыдэм и пэжыгъ, абы къаэзи зыщ1ыжкар ди л1ъпкъым и фIыр, хузэфIэкIыу щытар, и хабзэ дахэхэр ик1и тк1ийхэр, адыгэхэм я щхьэм пщI э хуащ1ыжу, «К1апэ нэхъэрэ напэ» жа1эу зауэ зэман хьэлъэм зэрыпIхрыкIар кьигъэлъэгъуэныгъ. Ар кьыззэрехьулIам щэч кьытесхэркъым.

«Пушкин и Черкесия» тхылъым сэбэпыщ1ауэ кьихьыну щытщ ди щ1эблэр гъэсэныгъ, гъэгушхуэныгъэ теуухуауэ. Ар кьиплыгъэри, Хъупсирокъуэ Хьызыр ар Къэрэшей-Шэрджэсым адыгэбзэ, тхэдж, литературэр щадж щ1ыпIэхэм, библиографиэм пщ1эншэу ящ1ащ. Тхылъыр къа- Iэрыхьэныгъ Адыгеймри, Къэбэрдей-Балъкъэрми, л1ъэпкъым и къэк1уэнym хуэгузавэ псомри.

БАКIУУ Хъанджэрий, *филологие щ1эныгъэхэм я доктор.*

И къуэрыл1ьхуэм я гъусэу.

● Спорт хъыбархэр

Футбол

Мэзкуудэсхэр нэхъ л1ъэщт

«Спартак-Налшыкым» ещанэ зыгъэзэныгъэри Тыркум щрегъэкIуэк1. Абы хиубыдэу мазаем и 22-м ди щIалэхэм Мэзкуу и «Спартак-м зэIущIитI драгъэк1уэк1ащ.

«Спартак»-хэм я гуп нэхьащ1ухэм я зэIущIэр 1:0-у мэзкуудэсхэм я текIуэныгъэк1э ихуащ. Командэхэм я зэхуаку зэпэщ1эныгъэ гуащ1э дэлъащ, уеблэмэ бжьгъэр кьызэIуахыну я1пэу Iэмал кьызыхьхуэ1ак1э ди щIалэхэращ, арщхьэк1э Филатовымрэ Джатэрывэрэ я ебгъэрык1уэныгъэхэм ехьулIэныгъэ кьахуихыным зыщащ1эу щ1эжар. «Спартак»-м зыкъыщ1эхьуихар зэIущIэм и я1пэ Iыхьэм и нык1уэр блэк1ауэщ. Анализ кьыIэрыхьа топыр мэзкуудэсхэм кьахьыхьагъащIэ Ари и гъэныкъуэк1э кьыхитащ ик1и бгъэ1п гъэдыхьауэм и команд зэIущIэр я1пэ иригъэщащ. Зэ1ущIэм и к1эух дакъик1ъхэм налшыкдэсхэр нэхъ жьыдэжр кьэхъуа п1эми, текIуэныгъэр кьыхуэзыхьа бжьгъэр Мэзкуу и «Спартак»-м ихьу-мэрэдащ.

А махуэм «Спартак-Налшыкым» хэту джэгупIэ губгъуэм кьихьащ Фредриксон, Кисенков, Джудович, Аминуллашвили, Филатов, Лендру (Дидюн, 70), Джатэрывэ, Маляров (Патрик, 80), Гогуа, Сигарадзе, Родич (Русич, 46).

ЕтIуанэ зэIущIэм губгъуэм кьихьар командэхэм я етIуанэ гупхэрщ. Дыдэйм нэхьыбэу хэтар зыкIэтъыпIтыныр кьрагъэблэгъа щ1ал эщ1эхэрщ. Зэ1ущIэм и я1пэ Iыхьэр бжьгъэр кьызэIуамыхьэу ихуами, етIуанэм и я1пэ дыдэ дакъик1ъхэм щегъэжьауэ мэзкуудэсхэм ар ягъэжьк1уэкащ ик1и кIэ-ух бжьгъэр 4:0-у «Спартак-Налшыкыр» кьыхагъэщащ. Мэзкуу и «Спартак»-м пщIэтащ Мандрыкин, Деяк, Васин, Хатаженков, Соблыр, Концедалов, Шалаев, Бикмаев, Щаницын, Патрик (Дидюн, 46), Ямятович сыэ.

Зы махуэм зэIущIитI

Тыркум нужьрей зыгъэсэныгъэр щезыхьэк1 «Спартак-Налшыкым» ныбжьэгъугъэ зэIущIитI иджыблагъэ аргуэру иригъэк1ащ.

Мазаем и 25-м ди щIалэхэр Iущ1ащ Латвием щыщ «Вентспилс»-м. Красножан Юрэ зыкIэпыпIэныну джэгупIэ губгъуэм кьригъэжьа гупым 16-нэ дакъик1ъм кьыхудагъэ1ак1э топым зэIущIэр нухьыу жьэуап яхуетыжа-кым.

Ди командэм хэту джэгуащ: Мандрыкин, Соблыр, Зрум, Деяк, Хатаженков, Дядюн, Шалаев (Кьудей, 80), Маляров, Бикмаев, Родич, Русич (Патрик, 70).

ЕтIуанэ зэIущIэм «Спартак-Налшыкым» дригъэк1уэк1ащ Молдавием и чемпионатым етIуанэ ивыпIэр щызыIыгъ Кишинев и «Дачие»-м. Кьэбэрдей-Балъкъэрым и командэр абыхэм гуГъущ1э демыхьу текIуащ.

Бжьгъэр 33-нэ дакъик1ъм кьызэIуихащ налшыкдэсхэм кьахьыхагъащ1э Шаницыным. Кьэд дэмыкIыу ар иджыри зэ кьыхэжаныкIащ ик1и бжьгъэр 2:0-м нигъэсащ. ЕтIуанэ Iыхьэмэ ди щIалэхэр щ1эжьыхьэжакъым. Джэгур зэрыщ1ідзэжрэ дакъик1ъ зыбжанэ фIэк1а мыхьауэ, Джатэрывэм бжьгъэм хигъэхъауащ. «Спартак-Налшыкым» щыдигъэкIа топхэм я бжьгъэр 4-м нигъэсащ Миятовичым.

Зэпэхьэщ1ыкIныгъэр ин зэрыхьуам налшыкдэсхэм набдзагубдзапIагъэр яфIигъэкIуэдащ ик1и абы и зэранк1э 65-нэ, 90 дакъик1ъхэм кишиневдэсхэм топитI кьыдагъэк1ыжащ - 4:2.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ИНАЛ Артур Жырап и къуэр

И дуней тетыгъуэу, и кьаруитыIуэу 2010 гъэм мазаем и 25-м и ныбжьыр ильэс 48-м ит зэуэзэпсэу л1ащ «Инал» уней предприятэм и унафэщI Инал Артур Жырап и къуэр.

Инал Артур 1962 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м Аруан районым щыщ Урыхъ къуажэм кьыщ1ал хуащ1. КъБКъУ-м и мэкъумэщ факультетым зоотехникмкI э и кьудамэр кьиуха нэужь, ар 1985 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр джэдкъаз фабрикэм щылажьэу хуежьащ. Зэман кIэщIым кьриубыдэу зэфIэкI ин зэрыбгъэдэлъыр къигъэльагъуэрэ, Инал Артур зоотехник нэхьыщхьэу ягъэуващ ик1и ар унафэщI Iэк1IуэльакIуэу, кьызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытыр а Iэнатlэм кьыщиг-эльэгъуащ.

Артур Аруан районым уней предприятэ яп1э дыдэу къыщ1эзэIузыхьахэм ящыщт. 2002 гъэм абы кьызэригъэпэща «А» предприятэр зэман кIэщIым кьриубыдэу щ1ыхь кIуап1э хъуат.

Инал Артур зэпымыуэ псапащIэ Iуэхуэхэм хэтт. Абы и гульытэрэ яIэсырт унагъуэ хуэмыщIахэм, щ1ыхь дахуэхэхэм, жьы хъухэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ. Щ1ыхь гуапэу, пэжу, хьэлэзу зэрыщ1ытым, унагъуэ тэмэм зэрызэтригъэувам кьыхъыжьауэ абы псомри щIэ кьыхуащIырт. Инал Артур Жырап и къуэр дэ ильэс куэдкIэ тщ1ыгъупщ1энкъым.

И ныбжьэгъуэхэм и лэжьэгъуэхэмр.

КъАХ-м и Хасащхьэм хэтхэм хьыбар фагъащIэ «Инал» уней Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Инал Артур Жырап и къуэр** зэуэзэпсэу дунейм зэрехьажамкI э ик1и абы и щхьэгъуэ **Щ1ылэнрэ** Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Щ1ыдженрэ** яхуогузавэ.

ДИХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 5, егъэуанэ - епщ1анэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкI э, жылагъэумрэ л1ъэпкъ IуэхуэмкI э - 42-22-86; къуажэ гъашIэмрэ экономикэмкI э - 47-22-63, 42-57-59; щ1ыхабзэмкI э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныжмкI э - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкI э, спортымрэ щ1ыхьэмкI э - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкI э - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтчэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1эIуа Iуэхуэгъуэхэм я пэжагъэмкI э ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтекIуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзэхэм яхуохьыныр и щIэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщ1ынагъэхэмкI э и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрымыкI э жуап ещхь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м ЗыкIи1065-м щIигъэхьащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и жэуап зыхь **Къашнокъуэ Эллэ,** редактор **ЖылаСэ Заурбэч,** корректорэу **Цей Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Щ1ощэж Инн э** *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ **Иуан Заирэ.** *Компьютерк1э газетым и теплъэр щ1ащ* **Ныр Сандэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтыщ1* **Бицу Жанн э.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №547